



## Gen yon koneksyon ant sèten defòmasyon nan nesans ak Zika.

**Gen yon koneksyon ant sèten  
defòmasyon nan nesans ak Zika.**

**MARENGWEN KI ENFEKTE AVÈK ZIKA**  
Marengwen an mòde moun.

**TRANSMISYON NAN SÈKS** Yon gason ka transmèt Zika ba patnè li pandan y ap fè sèks vajinal, oral oswa anal.

**FANM ANSENT KI GEN ZIKA** Yon fanm anent ka transmèt Zika ba tibebe ki nan vant li.

**4 moun sou 5 ki gen Zika pa  
malad. Poutèt sa li enpòtan pou pran  
prekosyon.**

**ISTWA VWAYAJ ENPÒTAN** Ale sou sitwèb [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov) pou jwenn dènye lis zòn ki gen Zika.

**SENTÒM YO** Lafyèv, gratèl, doulè nan jepye, zye wouj se sentòm virus Zika. Si oumenm— oswa zanmi ou ak fanmi ou—te vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, epi nou gen sentòm sa yo, wè pwofesyonèl swen sante ou touswit.

**MARENGWEN LOKAL YO** Marengwen sa yo kapab vin enfekte epi transmèt virus la ba manm fanmi ou ak vwazén ou. Poutèt sa li enpòtan pou ou ak patnè ou pran prekosyon pou pa kite marengwen mòde nou okenn moman.

## Gason yo

### Pwoteje Patnè Ou ak Tibebe Ou

Si ou menm—oswa zanmi ou ak fanmi ou—te vwayaje oswa ap viv nan yon zòn kote Zika ap simaye, pran plis prekosyon. Si patnè ou ansent, itilize metòd baryè kòrèkteman chak dwa w ap fè bagay, oswa pa fè bagay ditou. Pwoteje tèt ou pou pa kite marengwen mòde ou pandan patnè ou ansent.

## Fanm yo

### Pwoteje Tibebe Ou

Si ou ansent epi ou gen patnè seksyèl—gason oswa fanm—k ap viv nan yon zòn ki gen viris Zika oswa ki te vwayaje nan zòn sa a, itilize metòd baryè pandan w ap fè bagay pou pwoteje tèt ou kont enfeksyon oswa pa fè bagay ditou pandan ou ansent. Si ou gen yon bebe ki fèt ak enfeksyon Zika a, sèvis ki rele Early Steps (Demach Bonè) pou w fè disponib: rele 1-800-218-0001.

## Tout moun

### Pa Kite Marengwen Mòde Ou

**PWOTEKSYON PO OU KONT MARENGWEN LÈ OU DEYÒ** Mete chemiz manch long ak pantalon long. Itilize pwodui anti-ensèk Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency) apwouve

**PWOTEKSYON BILDING YO AK KAY YO KONT MARENGWEN** Marengwen yo kapab viv andedan epi yo mòde moun lajounen oswa lannwit. Toujou kite pòt yo ak fenèt yo fèmen oswa kouvri avèk griy ki pa domaje.

**PWOTEKSYON LAKOU KONT MARENGWEN** Chak semèn seche dlo-dòmi ki toutotou biding yo ak kay yo—yon bouchon boutèy kapab kenbe ase dlo pou marengwen yo ponn ze. Jete dlo ki nan po flè yo, basen bêt kay, bokit, jwèt, elatriye.

Iwenn Plis Enfòmasyon.

**FloridaHealth.gov/zika**  
Florida Department of Health